



Pou Piblikasyon Imedya: 26/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AKÒDE 4 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON POU FÒMASYON AK DEVLOPMAN MENDÈV POU ENÈJI EWOLYÈN OLAJ ZÒN KOT**

*Apwobasyon prim premye faz pou Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la pou SUNY ak patnè li yo pou devlope pwogram ki prepare elèv yo pou karyè nan enèji ewolyèn olaj zòn kot*

*Prim yo pral elaji inisyativ devlopman ak fòmasyon mendèv pou pravay nan konstriksyon, faktori, enstalasyon, operasyon, ak antretyen fèm enèji ewolyèn olaj zòn kot yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 4 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot (Offshore Wind Training Institute, OWTI) bay pwogram ki dirije pa kanpis SUNY an ki fèt pou prepare etidyan yo pou karyè nan endistri k ap grandi sa a. Pwogram ki genyen yo pral elaji inisyativ devlopman ak fòmasyon mendèv pou pravay nan konstriksyon, faktori, enstalasyon, operasyon, ak antretyen fèm enèji ewolyèn olaj zòn kot yo.

"Pwogram k ap mennen nan nasyon an tankou Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la esansyèl pou asire ke mendèv Eta a pare pou sipòte objektif enèji renouvlab anbisye nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "SUNY, an patenarya ak NYSERDA, ap ekipe nouvo travayè ak travayè ki deja egziste yo pou yo patisipe nan revolisyon enèji vèt isit la nan New York pou jenerasyon k ap vini yo — sa k ap ede nou abòde kriz klimatik la epi kreye yon eta ki pi vèt pou tout moun."

Nan seri sibvansyon sa a, yo te apwouve 10 pwogram pou sèt kanpis SUNY ki enkli: **Alfred State College, University at Buffalo, Farmingdale State College, Hudson Valley Community College, Suffolk County Community College, SUNY Polytechnic Institute, ak Stony Brook University.**

Gouvènè Hochul te lanse demann pou pwopozisyon an nan mwa oktòb 2022. Se Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ki dirije pwosesis sibvansyon an, an kolaborasyon ak Farmingdale State College ak Stony Brook University. Finansman an, ki dwe distribye atravè plizyè faz seleksyon, pral bay chak pwogram jiska 500,000 dola.

Yo te mande aplikan yo pou yo aplike nan youn oswa plizyè "domèn konsantrasyon priyorite", ki gen ladann elaji pwogram SUNY ki egziste deja ki gen rapò ak enèji ewolyèn olaj zòn kot; reponn ak bezwen fòmasyon rapid ak sible; ak abòde baryè admisyon to. Pwopozisyon yo te adrese bezwen ekite, sansibilizasyon alontèm pou jèn etidyan yo, efò kominotè pou ogmante konsyantizasyon, ak patenarya ak sektè ki konekte oswa ki adjasan yo.

Yo pral anonse yon dezyèm faz prim yo nan ete 2023.

**Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare,** "An patenarya ak Gouvènè Hochul ak NYSERDA, SUNY fyè pou l ede Eta New York nan moutre chemen an nan devlopman ekonomik ak mendèv ak enèji pwòp — ki se yon motè mobilite pou elèv nou yo. Mendèv ki gen anpil konpetans, ki byen peye sa a pral pwopilse objektif enèji pwòp Eta New York yo, pandan an menm tan y ap pozisyon eta a pou l dirije nasyon an nan enèji renouvlab, tankou enèji ewolyèn olaj zòn kot. Lè yo devlope pwogram pou satisfè egzijans endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la, SUNY kapab epi li pral reponn dirèkteman ak bezwen anplwayè yo pou asire elèv nou yo byen prepare pou domèn emèjans sa a. Mwen felisite tout kanpis SUNY yo chwazi yo epi mwen pa ka tann pou mwen sipòte pwogrè yo."

**Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare,** "NYSERDA fyè pou l kreye patenarya ak SUNY nan Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la pou prepare Nouyòkè yo pou plizyè milye djòb ki kapab soutni fanmi yo ki pral reyalize pandan n ap konstwi nouvo endistri sa a soti a zewo. Nouvo pwogram ke SUNY dirije sa yo pral elaji opòtinite fòmasyon ak devlopman mendèv pou enèji ewolyèn olaj zòn kot nan plis zòn nan eta a—sa k ap bay pi gwo aksè ak karyè nan enèji ewolyèn olaj zòn kot pandan y ap ede nou bati avni enèji pwòp New York la."

**Prezidan Farmingdale State College lan ak Direktè Enstiti Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot la, Doktè John S. Nader, te deklare,** "Tout pwopozisyon eksepsyonèl nou te resewa yo demontre kalib pwofesè SUNY yo ak angajman pataje nou pou etabli enèji ewolyèn olaj zòn kot kòm yon pati entegral nan peyizaj enèjetik ak ekonomik nan Long Island ak nan tout Eta New York. Mwen rekonesan anvè patnè nou yo nan OWTI a ak anpil fakilte atravè sistèm SUNY an k ap travay sou solisyon pou defi enpòtan yo sou plan anviwònman ak sosyal jodi a yo. Prim sa yo reflekte vizyon ak angajman biwo Gouvènè a, NYSERDA, ak SUNY montre pou ankouraje yon nouvo endistri vital."

**Prezidan Stony Brook University, Maurie McInnis, te deklare,** "Pandan n ap travay pou prepare pwochen jenerasyon entelektyèl ak pwofesyonèl pou sektè enèji ewolyèn olaj zòn kot la epi konstwi enfrastruktir alafwa akoutèm ak alontèm pou enèji ewolyèn olaj zòn kot nan New York la, misyon OWTI a te toujou egzije konpetans, kolaborasyon, ak vizyon. Kominote SUNY an gen vizyon sa a. Nou fyè pou n ede pote SUNY devan aksyon kolektif New York la kont chanjman klimatik la, ini lidè atravè eta a, enkli patnè nou yo nan Farmingdale State College, NYSERDA, Rektè King, ak lòt ankò."

Stony Brook ak Farmingdale ansanm yo administre epi bay sipò teknik pou OWTI a, lè yo sèvi avèk òf pwogram mendèv yo ki byen etabli, ki bay diplòm epi ki pa gen kredi, ansanm ak inisyativ mendèv enèji pou renouvlab ki konsantre sou New York yo a. Pwojè a pral sipèvize pa yon konsèy kowòdinasyon ki konpoze ak reprezantan kolèj SUNY yo ansanm ak ajans ak òganizasyon eta ak lokal yo ki angaje nan bati ak prepare yon mendèv ak yon filyè talan pou travay nan domèn enèji ewolyèn olaj zòn kot la.

OWTI a, ansanm ak NYSERDA, te konstwi yon rezo alyans akademik, kominotè, ak endistri ak travay alyans ki pral prepare jiska 25,000 Nouyòkè pou karyè nan domèn enèji renouvlab yo. Nan travay an kolaborasyon pou avanse devlopman teknoloji enèji ewolyèn olaj zòn kot la, Enstiti a prevwa travay an sinèji ak Konsòsyòm Nasyonal pou Rechèch ak Devlopman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot (National Offshore Wind Research and Development Consortium), ki sitiye nan Stony Brook ak sipòte pa NYSERDA, ak Detman Enèji Ameriken an ak Sant Dirabilite pou Enèji Renouvlab nan Farmingdale.

### **Prezantasyon State University of New York**

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite [www.suny.edu](http://www.suny.edu).

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)